



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SEZON FEYAJ OTÒN AK VWAYAJ 2022 NAN ETA NEW YORK

*Gade rapò chak semèn sou feyaj otòn I LOVE NY la k ap disponib chak mèkredi,
apati 14 septanm, [isit la](#)*

*Gade nouvo difizyon ak kanpay maketin dijital ki montre atraksyon ak
destinasyon popilè sezonye yo [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman sezon otòn feyaj ak vwayaj 2022 Eta New York la, ki make pa retou [Rapò sou Feyaj Otòn I LOVE NY](#) la yon nouvo [kanpay](#) difizyon ak maketin dijital I LOVE NY pou montre aktivite ak atraksyon otòn popilè yo. I LOVE NY ap kolabore tou ak rezo destinasyon touristik eritaj eta a nan Wikenn Chimen Atravè Listwa (Path Through History Weekend) ane sa a, ki pwograme pou 8 rive 10 oktòb, ki pral prezante evènman espesyal ak aktivasyon nan istwa rich ak nan sit istorik eta a yo.

"Soti nan feyaj kolore ak peyizaj natirèl san parèy rive nan sit istorik espektakilè ak pak eta inik, pa gen anyen tankou New York nan sezon otòn lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan sezon sa a, nou envite vwayajè ki soti New York ak lòt eta yo pou yo planifye yon avanti otòn pafè - kit se monte yon pik Adirondack, vizite yon eksplwatasyon vitikòl nan Long Island, oswa mache sou litoral Buffalo a - epi wè sa kisa gwo eta nou an genyen pou ofri."

Otòn se youn nan sezon vwayaj ki pi popilè nan New York, ki atire vizitè atravè mond lan ki sipòte biznis lokal yo pandan y ap eksplòre kominote inik ak divèsifye atravè eta a. Pou ede vwayajè yo ak fanatik feyaj yo planifye yon eskapad an otòn, y ap pibliye rapò feyaj I LOVE NY chak semèn lan chak mèkredi, apati 14 septanm. Yo konpile chak semèn apati obsèvasyon sou teren nan lokal yo ki soti nan ekip I LOVE NY ki gen plis pase 85 obsèvatè fèy volontè atravè 11 rejyon vakans eta a yo. Obsèvatè yo swiv chanjman koulè nan zòn yo a, detaye koulè fèy dominan yo, pousantaj apwoksimatif chanjman, ak kantite chanjman koulè ki te pwogrese parapò ak kondisyon pik yo.

Rapò yo gen ladan tou yon kat feyaj entèaktif, ki disponib sou sitwèb I LOVE NY la, ki swiv chanjman chak semèn ak pwogresyon atravè eta a pandan sezon an. Kat la gen ladann kote yo rekòmande pou gade feyaj nan chak rejyon vakans eta a, plis egzanp

feyaj pik nan yon zòn yo bay, ak enfòmasyon sou atraksyon lokal ak rejyonal popilè yo. Nouvo ane sa a, kat entèaktif feyaj la pral genyen yon opsyon pou filtre atraksyon yo pa kategori, tankou manje & bwè, ak atizay & kilti.

Nou envite vwayajè yo pou yo pataje foto bèl feyaj Eta New York yo sou rezo sosyal yo lè yo itilize hashtag #NYLovesFall. Foto ki soumèt bay hashtag sa a gen chans pou parèt sou sitwèb feyaj otòn I LOVE NY la ak kont rezo sosyal ofisyèl I LOVE NY yo ki atenn apeprè de milyon abòne. I LOVE NY dènyèman te lanse yon kont [TikTok](#) pou rive atenn plis odyans, sa ki konplete kont li yo ki egziste sou [Instagram](#), [Facebook](#) ak [Twitter](#).

Gras an pati ak gwosè ak lokal li a, Eta New York tradisyonèlman gen youn nan sezon feyaj ki pi long ak pi kolorye nan peyi a. Nan nenpòt wikenn soti fen septanm rive nan mitan novanm, genyen yon pati nan eta ki posib pou gen feyaj maksimòm. Rapò feyaj otòn ak kat entèaktif la disponib nan www.iloveny.com/foliage, oswa rele gratis nan 800-CALL-NYS (800-225-5697) apati nenpòt kote nan peyi Etazini, teritwa li yo ak Kanada.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Aktivite touristik se yon poto nan ekonomi New York la, epi vwayaj otòn lan enpòtan sitou pou fèm fanmi yo ak ti biznis yo, ki se kolòn vètebral anpil kominote atravè eta a. Sezon sa a ofri opòtinite pafè pou eksplòre ak eksperimante diferan rejyon New York yo, chak ak pwòp festival otòn pa yo, òf ak evènman ki envite ak akeyi tout moun."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Chak ane, Eta New York tounen yon tè mèvèy ak koulè otòn. Soti nan rapò feyaj chak semèn nou an ki fè vwayajè yo konnen ki kote koulè yo pi plis, pase nan kat entèaktif ki ede yo jwenn atraksyon ak eksperyans manje, rive nan yon lis aktivite eritaj k ap fonksyone kòm yon pati nan Wikenn Chimen Atravè Listwa a, I LOVE NY kontan pou I bay zouti pou ede envite yo pwofite konplètman youn nan sezon feyaj ki pi long ak pi bèl nan peyi a. Nou akeyi eksploratè yo ki soti toupre ak byen lwen pou vin fè pati tout sa epi dekouvri yon otòn pou tonbe damou li isit la nan Eta New York."

I LOVE NY ap lanse tou yon nouvo kanpay maketing otòn pou ankouraje vwayaj otòn, ki gen ladann yon nouvo piblisite 30 segonn ki mete aksan sou kèk nan plizyè fason pou jwi sezon an atravè Eta New York. Anons la gen ladann favori otòn ki pratik pou fanmi yo, tankou evènman rekòt nan fèm lokal yo, atraksyon Halloween, zoo ak randone nan feyaj, plis destinasyon tankou Panteyon Nasyonal Bezbol ak Mize (National Baseball Hall of Fame and Museum) nan Cooperstown, ak Central Park nan Vil New York. Kanpay la lanse jodi a, epi yo ka wè anons la [isit la](#).

Anplis de sa, I LOVE NY pral òganize yon wikenn Chimen Atravè Listwa soti 8 rive 10 oktòb pou montre kèk nan sit vwayaj istorik ak eritaj eta a yo. Inisyativ Chimen Atravè Listwa a, sèvi avèk 14 tèm pou òganize plis 700 sit, atraksyon ak lokal atravè eta a. Sit wèb Chimen Atravè Listwa a gen ladan kat, yon lis sit ki fasil pou itilize ki òganize pa

tèm ak rejyon, ak yon jeneratè itinerè pou ede ou planifye vwayaj ou a. Gen plis enfòmasyon sou Wikenn Chimen Atravè Listwa 2022 a ki disponib [isit la](#).

Vizit nan Eta New York soutni yon enpak ekonomik 85.5 milya dola epi li jenere ase nan taks eta ak lokal yo pou pèmèt chak kay nan eta a ekonomize plis pase 1,000 dola chak ane. Touris ak Ospitalite se twazyèm pi gwo endistri eta a, sa ki sipòte youn sou chak 11 djòb nan sektè prive a.

Senatè Eta a, José M. Serrano, te deklare, "Otòn nan New York se yon bèl epòk nan ane a, espesyalman nan Pak Eta nou yo ak nan sit istorik nou yo. Avèk koulè feyaj otòn ki espektakilè toutotou, vrèman pa gen pi bon moman pou vizite pak nou yo epi eksperimante gwo aktivite deyò yo. Rapò Feyaj Otòn I LOVE NY yo se yon bon fason pou ede vizitè yo konekte ak lanati pandan bèl moman sa a nan ane a."

Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, te deklare, "Pa gen anyen tankou esplandè feyaj sezon otòn New York la. Panorama mayifik ak koulè sansasyonèl yo popilè pou yon rezon! Kit ou se yon moun ki renmen lanati oswa yon moun ki rete nan vil, mwen ankouraje w al fè eksperyans bote New York la, epi eksplòre atraksyon lokal enkwayab yo nan chak kwen nan eta nou an."

Prezidan Konsèy Konsiltatif Touris Eta New York la, Cristyne Nicholas, te deklare, "Kòm chante popilè a di, 'Otòn nan New York, poukisa li parèt tèlman envitan?' Paske Gouvènè Hochul ak ekip I LOVE NY yo ap lanse yon kanpay otòn k ap ankouraje vwayajè yo pou yo fè eksperyans yon lòt fwa ankò travay atistik ki pi kolore, soti nan pwent Montauk rive nan mèvèy Niagara Falls, ak kèk kavalye ante san tèt ak labirent mayi etonan sou tout wout la. Otòn se yon sezon touristik enpòtan pou New York, kidonk endistri touristik eta a vrèman apresye efò sa yo pou re-akeyi vizitè yo nan pi gwo ak pi bon peyizaj briyan nan peyi a."

Pou ede planifye pwochen vakans ou nan Eta New York, vizite www.iloveny.com.

Enfòmasyon sou Eta New York

Eta New York se yon destinasyon pou vakans prensipal ak atraksyon klas mondyal, bote natirèl pitorèsk, kuizin lokal ak yon sèn bwason atizanal k ap grandi, yon seri akomodasyon, ak festival ak evènman ikonik pandan tout ane a. 11 rejyon vakans divèsifye li yo prezante kèk nan plaj ki klase alatèt nan mond lan; de nan twa pi gwo pak eta yo prefere nan Etazini an; Niagara Falls espektakilè; plis zòn eski pase nenpòt lòt eta; youn nan sezon feyaj ki pi long nan nasyon an; miltip Halls of Fame (Tanp Renome); Tiwolyèn ki pi long, pi rapid ak pi wo nan Amerik Di Nò a; pi gwo zòn ki pwoteje piblikman nan avwazinaj Etazini an; ak pi long santye pou plizyè itilizasyon nan peyi a. Anplis de sa mize inik eta, moniman istorik, sit kiltirèl, bèl ti vil ak lakou rekreyasyon iben yo, epi se pa etonan ke piblikasyon ak ekspè vwayaj yo te toujou chwazi New York kòm yon gwo destinasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418